दिन—मंगलवार दिनांक—03.02.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————

वित्त मंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव आइ विधानसभा मे वित्तीय वर्ष दू हजार छब्बीस—सत्ताईसक बजट प्रस्तुत कयलनि। एहि बेर बजट के आकार तीन लाख सैंतालीस हजार पांच सय नवासी करोड़ टाका सँ बेसी अछि। वित्त मंत्री कहलनि जे पछिला बजट के तुलना मे एहि बेरक बजट तीस हजार करोड़ टाका बेसी अछि। वित्त मंत्री कहलनि जे वित्तीय वर्ष दू हजार छब्बीस—सत्ताईस मे राजकोषीय घाटा उनचालीस हजार एक सय एगारह करोड़ अस्सी लाख टाका रहबाक अनुमान अछि जे सकल घरेलू उत्पादक दू दशमलव नओ—नओ प्रतिशत अछि। वित्त मंत्री श्री यादव कहलनि जे दोसर राज्यक तुलना मे बिहार तेजी सँ आगां बढ़ैत अर्थव्यवस्था अछि। ओ कहलनि जे सरकार सात निश्चय—तीन के संकल्पक संग आगां बढ़ि रहल अछि आ विकसित बिहार, समृद्ध बिहारक लक्ष्य के प्राप्त करबाक दिशा मे अग्रसर अछि। श्री यादव कहलनि जे चालू वित्तीय वर्ष मे बिहारक आर्थिक विकास दर चौहद दशमलव नओ प्रतिशत रहबाक संभावना अछि।

————————————————

वित्त मंत्री कहलनि जे बजट मे चारिम कृषि रोड़ मैप के विस्तार देबाक संग—संग उद्योगक क्षेत्र मे पचास लाख करोड़ टाका निजी निवेश के आकर्षित करबाक लक्ष्य अछि। वित्त मंत्री श्री यादव कहलनि जे सरकार सात निश्चिय—तीन के अंतर्गत बिहार के विकसित राज्य बनेबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। ओ कहलनि जे अगिला पांच वर्ष मे प्रति व्यक्ति आय के दूगुना करबाक लक्ष्य अछि। एक करोड़ रोजगारक नव अवसर सृजित कयल जायत।

————————————————

बजट मे प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि योजना के तर्ज पर कर्पूरी ठाकुर किसान सम्मान निधि योजना शुरू करबाक घोषणा कयल गेल अछि। एकर अंतर्गत किसान लोकनि के प्रतिवर्ष तीन हजार टाका धरिक सहायता राशि प्रदान कयल जायत। ओतहि, बिहार एग्री इंफ्रास्ट्रक्चर मिशन शुरू कयल जायत। एकर अंतर्गत कोल्ड स्टोरेज, वेयर हाउस, ग्रेडिंग यूनिट आ प्रोशेसिंग यूनिट बनेबाक लेल एक लाख टाका के प्रारंभिक निवेश होयत। एहि तरहे राज्य के एग्री स्टॉअप हब बनेबाक उद्देश्य सँ बिहार कृषि एक्सीलरेशन मिशन, डिजिटल कृषि

निदेशालय तथा एआई आधारित कृषि मशीनीकरण मिशन शुरू करबाक घोषणा कयल गेल अछि। बिहार जल सुरक्षा आ सिंचाई आधुनिकीकरण परियोजना के शुरूआत के सेहो बजट मे घोषणा कयल गेल अछि। बजट मे हरेक गाम मे दुग्ध उत्पादन समिति, हरेक पंचायत मे सुधा बिक्री केन्द्र आ मेगा मिल्क चिलिंग सेंटर के स्थापाना कयल जायत। एकर अलावे पोल्ट्री रिसर्च आ ट्रेनिंग के लेल सेंटर ऑफ एक्सीलेंस तथा बकरी आ सुअर विकास योजनाक अंतर्गत नव अनुसंधान आ प्रशिक्षण संस्थानक स्थापना करबाक सेहो घोषणा कयल गेल अछि।

———————————————————————

वित्तीय वर्ष दू हजार छब्बीस–सत्ताईसक बजट मे सभ सँ बेसी बजट आवंटन शिक्षा विभागक लेल कयल गेल अछि। बजट मे शिक्षा विभागक बाद सभ सँ बेसी राशि स्वास्थ्य आ ग्रामीण विभाग के आवंटित कयल गेल अछि। दुनू विभाग के फराक–फराक तेईस हजार सात सय एक करोड़ टाका आवंटित कयल गेल अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार बजट के सराहना करैत एकरा संपूर्ण समावेशी आ विकास के विस्तार देबऽवला जनौलनि। ओ कहलनि जे एहि मे किसान, उद्यमी, युवा आ महिला सहित समाजक सभ वर्गक लोक सभक ध्यान राखल गेल अछि। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे बजट मे समाजक हरेक वर्ग के ध्यान राखल गेल अछि आ सुशासन सँ समृद्धि के दिस लऽ जायवला ई बजट अछि। संगहि, ई बजट हरेक बिहारी के आत्मनिर्भर बनेबाक संकल्प सँ प्रेरित अछि।

———————————————————————

राजद तथा कांग्रेस सहित सभ विपक्षी दल बजट के आलोचना कयलनि अछि। नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे बजट मे किछु नव नहि अछि। श्री यादव कहलनि जे राज्य के विकसित बनेबाक कोनो ठोस रोड़ मैप नहि अछि। एम्हर, कांग्रेस प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम बजट के आशा के प्रतिकूल जनौलनि। वामपंथी दल सभ सेहो बजट के आचोलना कयलनि अछि।

———————————————————————

मोकामा सँ जदयू विधायक अनंत सिंह आइ विधानसभा सदस्यक रूप मे शपथ लेलनि। पटना व्यवहार न्यायालय हुनका काल्हि शपथ ग्रहण करबाक अनुमति देने छल। न्यायालय हुनका एखन कोनहुं आन गतिविधि मे भाग लेबाक अनुमति नहि देलक अछि। अनंत सिंह के शपथ लेलाक बाद पुनः बेऊर जेल पठा देल गेल अछि।

———————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोग वर्ष दू हजार छब्बीसक परीक्षा कैलेंडर जारी कऽ देलक अछि। कैलेंडरक अनुसार सत्तरम बीपीएससी मुख्य परीक्षा के परिणाम अप्रील धरि घोषित कयल जायत। ओतहि, एकहत्तरम बीपीएससी मेन परीक्षा अप्रील मे आयोजित कयल जायत। आयोगक दिस सँ पचास विभिन्न परीक्षा सभक कार्यक्रम जारी कयल गेल अछि। एकर अंतर्गत सत्रह हजार एक सय पांच पद सभ पर भर्ती के प्रक्रिया कयल जायत।

———————————————————————

आइ शब–ए–बरात अछि। इस्लामीक कैलेंडर आठम मास शाबान के पंद्रह तारीख के शब–ए–बरात के पावनि मनाओल जायत अछि। एहि अवसर राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————

समाप्त